Matnul Arbahiina Annawawiyya

HADIIS BU NJËKK BI: ①

Jëlees na ci kilifag way-gëm ñi, ki nuy dàkkantale Abii Hafsa te mooy Omar Ibnul Xattaab, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: dégg naa Yónnent Bi (SHW) di wax ne: « jëf yi mi ngi takku ci yéene yi, nit ku ne la mu yéene rekk lay am, ku gàddaay jëm ci Yàlla ak Yónnent Bi, kon dina am ngërëmal Yàlla ak Yónnent Bi, ku gàddaay ngir àdduna rekk mbaa jigéen ju mu takk, kon loolee ko tax a gàddaay rekk lay am! »

Al Buxaarii ak Muslim, ñoo ko nettali.

ÑAAREELU HADIIS BI:②

Jëlees na ci Omar (yal naYàlla gërëm ko,) mu ne: "amna bis nu toog ci Yónnent Bi (SHW) am waa ju ne tëll sol yéere yu weex tàll, kawar ga ñuul kukk, nga xam ne giseeful ci moom jeexit juy wone ne fa mu jóge daa sori, te kenn ci nun xamu ko, mu toog ci Yónnent Bi (SHW) sës i gëti-wóomam ci gëti-wóomi Yónnent Bi (SHW) teg i tenqam ci ay luppam, daal di ne ko: Muhammat (SHW) damaa bëgg nga wax ma lan mooy lislaam? Yónnent Bi (SHW) ne ko: lislaam de juróom yii ñooy ponk yi: seede ne amul benn Buur bu dul Yàlla, te man mii moo ma yónni, ak taxawal julli yi juróom, joxe asaka, woor weeru koor, aj màkka boo ko manee. Mu ne ko: wax nga dëgg de, nun it nu yéemu ci loolu, laaj ba noppi di ko dëggal, waa ja waxaat ko: wax ma lan mooy gëm? Mu ne ko: gëm de moom, dangay gëm Yàlla, gëm malaakaam yi, gëm téereem yi, gëm yónnentam yi, gëm bis penc ba, gëm dogal yi. Mu neeti ko: wax nga dëgg de, ne ko: wax ma luy ihsaan? Yónnent Bi (SHW) ne ko: mooy nga rafetal sag jaamu Yàlla, ba mel ni yaa ngi jàkkaarloo ak Moom, ndax boo ko gisul it Mi ngi lay gis. Mu neeti ko: kañ la bis penc di ñëw? Yónnent Bi (SHW) ne ko: yaw mi ma koy laaj gënuma laa xam kañ lay ñëw! Mu neeti ko: wax ma kon ay màndargaam, Yónnent Bi (SHW) ne ko: bunu

demee ba ab jabéer di jur ab sangam màndarga la ci, bokk na ci, boo demee ba nga xam ne ña nga xamoon ñu dëkke ca àll ba di sàmm ak a dëkk ci néegi ñax yi wëlbatiku, àddina soppiku ba ñuy sutante ak ñi ci des ay tabax. Gannaaw loolu nag waa ja dem, Yónnent Bi (SHW) ne ma: Omar ndax xam nga kooku? Ma ne ko: Yàlla ak ub Yónnentam ñoo xam ku mu doon, mu ne ma: Jibriil la daa ñëwoon di leen xamal seen diine!!

Muslim moo ko nettali.

ÑATTEELU HADIIS BI: ③

Jëlees na ci ki nuy dàkkantale Abuu Abdur Rahmaan te mooy Abdul Laahi Ibnu Omar, (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne dégg naa Yónnent Bi (SHW) di wax ne: " lislaam dees koo tabaxe ci juróomi ponk yii: seede ne Yàlla benn Buur la, te Muhammat (SHW) ndawam la, di taxawal julli yi juróom, di joxe asaka bu la waree, aj màkka boo ko manee, woor weeru koor bu la waree."

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

ÑENTEELU HADIIS BI: ④

Jëlees na ci Abdul Laahi Ibnu Mashuut (yal na Yàlla gërëm ko) mu nettali ne: Yónnenteb Yàlla bi (SHW) nee na: "Ku nekk ci yéen, dees na dajale ag bindam, ci biirub yaayam, ñeen-fukki fan, ginnaaw ba mu nekk lumbub deret, ñeen-fukki fan, ginnaaw ba mu nekk dogu ndawal, ñeen-fukki fan, ginnaaw ba Yàlla yónni malaaka mi, mu ëf ci moom ruu, digalaale ko ñenti waat yii: mooy mu bind wërsëg wi mu war a am, ak ub àppam, ak i liggéeyam, ak ndax aji-texeedi lay doon walla aji-texe. Ne giñ naa ci ki nga xam ne, amul benn Buur bu dul Moom, kenn ci yéen dina jëf, jëfi waa àjjana, ba nga xam ne digganteem ak dugg àjjana, du des lu dul luy tolloo ak ub xasab, la ñu dogaloon ci moom ñëw, muy jëf, jëfi waa sawara, faatu dugg sawara, ne kenn

ci yéen it, dina jëf, jëfi waa sawara ba dugg des luy tolloo ak ub xasab, fekk la ñu dogaloon ci moom, mooy dugg àjjana, mu jëf, jëfi waa àjjana faatu dugg àjjana!

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

JURÓOMEELU HADIIS BI: ⑤

Jëlees na ci Hãyisatu (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: "sunu mbir mii, ku ci bëgg a boole lu ci bokkul, du ko man, dees ko koy delloo, ku ci bëgg a boole lu ci bokkul, Yàlla du ko nangu." Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali; beneen nettali bi, Muslim moo ko nettali, muy bi mu ne: « ku jëf, jëf ju bokkul ak li nu andi jële ca sunu Boroom, deeful nangu jëf jooja, dees ko koy delloo! »

JURÓOM-BENNEELU HADIIS BI: ⑥

Jëlees na ci Abuu Habdul Laahi, di Annuhmaan Ibnu Basiir (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: dégg naa Yónnent Bi (SHW) di wax ne: "amna yu Yàlla daganal yoo xam ne, daganal ga daa leer, neex a xam, amna yu Yàlla araamal yoo xam ne, araamal ga daa leer, neex a xam, am i bir yoo xam ne dañoo lënt, dagan gi leerut, araam gi leerut, ñu nekk ci diggante bi, ñu bari ci nit ñi manuñoo xam, baxam bir yooyu dañoo dagan, walla dañoo araam, koo xam ne bu gisee lu lënt daal di koy wattu sori ko, diineem dina mucc, ab deram mucc, ku dugg ci yu lënt yooyu nag, su wattuwut dina dugg ci lu araam, mi ngi mel ni ku fekk fa buur ba aar muy sàmm ca wet ga, su wattuwut dina dugg ca biir te du ko yëg, mu ne: buur bu nekk, am na kaaraange, kaaraangel Yàlla nag mooy ya mu araamal, mu daaneele ko ne: yaramu doomu Aadama amna, dog woo xam ne su baaxee, lépp baax, su yàqoo it lépp yàqu, mu ne loolu mooy xol!"

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

JURÓOM-ÑAAREELU HADIIS BI: ⑦

Jëlees na ci Abii Ruqayyata, di Tamiimin Ibnu Awsin Addaarii, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) dafa wax ne: « diine mooy laabiire, ñu ne ko laabiire moom ci fumuy jëm? mu ne: ci Yàlla, ak téereem bi, ak Yónnentam Bi, ak kilifay jullit ñi, ak mbooleem jullit ñi !! »

Muslim moo ko nettali.

JURÓOM-ÑATTEELU HADIIS BI: ⑧

Jëlees na ci Ibnu Omar (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne: Yónnent Bi (SHW) wax na ne: « Yàlla da maa digal, ma xeex ak nit ñi, ba ñu seede ne Yàlla rekk ay Buur, man mii Yàlla a ma yónni, di taxawal julli juróom, tey joxe asaka, buñu defee yii, wàcc nañu, wàcc naa, seen deret ak seen alal mucc nañu ci man, lu dul nag loo xam ne àqi lislaam la, la ca des nag muy ndax jëf ya Yàlla a tax walla déet, loolu moom bu ëllagee Yàlla a koy seet !!

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

JURÓOM-ÑENTEELU HADIIS BI: ⑨

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: dégg naa Yónnent Bi (SHW) di wax ne: " luma leen tere na ngeen ko wattandiku, luma leen digal, na ngeen ci def lu ngeen man, te moytu laaj bu bari ak wuute ak seen ub Yónnent; ndax yooyu ñoo alag ña leen jiitu ca seen i yónnent.

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI: ①0

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: « Yàlla de day ku sell ku teey te lu sell te teey rekk la bëgg te Yàlla li mu digal yónnent yi, (HS) muy lekk lu teey ba man a jëf jëf ju yiw, la digal way-gëm ñi ci des ñépp, Yàlla wax na it ne:" yéen way-gëm ñi lekkleen ci yu dagan yu teey yi nu leen wërsëgale! " Yónnent Bi (SHW) daaneele wax ji ci waa joo xam ne, day tukki sonn lool, tàllal i yoxoom di ñaan, naan: saa Boroom, saa Boroom, fekk moom lu araam lay lekk, di ko naan, di ko sol, nga xam ne ci lu araam rekk lay dunde, naka la Yàlla di nangoo ag ñaanam !! »

Muslim moo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK BENN: ①①

Jëlees na ci Abuu Muhammat, di Hasan doomu Haliyyu Ibnu Abii Taalib, di sëtub Yónnent Bi (SHW) (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne: dégg naa Yónnent Bi (SHW) mu ne: « lépp loo xam ne yaa ngi koy sikk-sàkka, bàyyi ko, tey yam ca la nga xam ne sam xel dal na ca !! »

Tirmisii moo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK ÑAAR: ①②

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: « bokk na ci liy tax nit ki lislaamam rafet, mooy lépp loo xam ne du ko jariñ, mu bàyyi ko. »

Tirmisii, moo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK ÑATT: ①③

Jëlees na ci Anas Ibnu Maalig (yal na Yàlla gërëm ko) di surgab Yónnent Bi (SHW) mu ne Yónnent Bi (SHW) nee na: " ngëmug kenn ci yéen balaa mat dëgg-dëgg, day àgg ci lépp lu baax lu mu bëggal boppam, mu bëggal ko mbokkum jullitam!"

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK ÑENT: ①④

Jëlees na ci Ibnu Mashuut (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: " tuur dereeti ab jullit du dagan, ndare kenn ci ñatt ñii, ku njaalo te fekk mu seŋéwu, ku faat bakkan ci ag tooñ, ku weddi génn ci diine ji, te nanguwut a tuub déllusi. "

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM: ①⑤

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: " ku gëm Yàlla, gëm bis pénc ba, lumuy bëgg a wax, na ko seet, bu dul lu baax lu am tuyaaba, mu noppi! Wax it ne: ku gëm Yàlla, gëm bis pénc ba, nay teral dëkkandoom! Ba tay mu ne it: ku gëm Yàlla, gëm bis pénc ba, bu amee gan na ko teral."

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM-BENN: ①⑥

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: amna jenn waay joo xam ne dafa waxoon Yónnent Bi (SHW) ne ko damaa bëgg nga dénk ma, Yónnent Bi (SHW) ne ko: « bul mer. » Waa ji delluwaat ci dénk ma gi ay yooni-yoon, (SHW) delluwaat ne ko « bul mer. »

Albuxaarii moo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑAAR: ①⑦

Jëlees na ci Saddaadin Ibnu Awsin, (yal na Yàlla gërëm ko) mu jële ci Yónnent Bi (SHW) mu ne: " Yàlla dafa bëgg lépp looy def, sàmmonte ca ak i teggiin te rafetal ko, ne bungeen dee ray, na ngeen rafetal rayiin wa, bungeen dee rendi it, na ngeen ko rafetal te ñawal la koy rendi, ngir noppal la ngeen di rendi. "

Muslim moo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑATT: ①⑧

Jëlees na ci Jundub Ibnu Junaada ak ci Muhaas Ibnu Jabal, (yal na Yàlla gërëm leen) ñu jële ci Yónnent Bi (SHW) mu ne: « foo man a nekk ragalal Yàlla te boo

juumee ba def lu aay, na nga gaaw def lu baax, ndax lu baax la, moo koy far te it ngay ànd ak nit ñi ci jikko ju rafet!! »

Attirmisiyyu moo ko nettali.

FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑENT: ①⑨

Jëlees na ci Abdul Laahi Ibnu Habbaas (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne: " bis damaa nekkoon ci ginnaaw Yónnent Bi (SHW) mu ne ma: " ngóor si kaay ma xamal la ay waat yu am njariñ: deel sàmm Yàlla, Yàlla sàmm la! Deel sàmm Yàlla, kon foo xoole gis ko ci sa kanam. Boo dee ñaan, ñaanal Yàlla. Boo dee sàkku ndimbal, sàkku ko ci Yàlla. Xamal ne mbooleem xeet yi, buñu taxawoon ci bëgg laa jariñ, te fekk Yàlla naru ko, duñu la man a jariñ! Buñu taxawoon it ci bëgg laa lor, fekk Yàlla naru ko, duñu la man a lor! Daal di ne: yëkkati nañu xalima ya, te mbind ma fendi na (maanaam la Yàlla di dogal dogal na ko ba noppi) " Attirmisiyyu moo ko nettali; amna beneen nettali bu bokkul ak nettalib Attirmisiyyu, moom daa wax ne: Yónnent Bi (SHW) daa waxoon Ibnu Habbaas ne ko: « deel sàmm Yàlla kon foo xoole gis ko ci sa kanam, bu neexee deel xàmmiku Yàlla, kon bu naqaree Mu xàmmiku la, ne ko: na nga xam ne lépp lu la teggi Yàlla a ne woon du la dal, lu la dal it Yàlla a ne woon du la teggi. Ne ko: na la wóor ne muñ moom boo ko defee Yàlla dimbali la, tiis ak njàqare, luñu metti metti, Yàlla man na koo teggi, lu mbir jafe-jafe it, Yàlla man na koo yombal. »

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI ②0:

Jëlees na ci ki ñuy dàkkantale Abii Mashuut, di Huqbata Ibnu Hamrin Al-ansaariyyil Baddriyyi, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee

na: « bokk na ci li nit ñiy wax te jële ko ca waxi yónnent yu njëkk ya, mooy bu fekkee ne amóo looy rus, lu la neex defal!! »

Albuxaarii moo ko nettali.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK BENN:②①

Jëlees na ci Abii Hamrin, waxees na it Abii Hamrata, di Sufyaan Ibni Habdil Laahi As-Saxaffii, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: damaa waxoon Yónnent Yàlla Bi (SHW) ne ko, wax ma ci lislaam, wax joo xam ne dina ma doy sëkk, ba du soxlawoo may laajaat kenn ku dul yaw, mu ne ma: « neel gëm naa Yàlla te nga sax ci ag njub ».

Muslim moo ko nettali.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK ÑAAR:②②

Jëlees na ci Jaabir Ibni Habdil Laah Al Ansaariyyi, (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne: bis damaa laaj Yónnent Bi (SHW) ne ko: ndax buma jullee julli juróom yi rekk yam ca, woor weeru koor rekk yam ca, def lu dagan rekk yam ca, moytu lu araam rekk yam ca, te dolliwuma ci yooyu dara ndax dinaa dugg àjjana? Mu ne ko: « waawaaw!»

Muslim moo ko nettali.

ÑAAR-FUKEELU HADIIS BI AK ÑATT:②③

Jëlees na ci Haaris Ibni Hãsim Al-ashariyi, (yal na Yàlla gërëm ko), mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: " laabug xol mooy genn wàllug ngëm, ne it alhamdulillaahi, baat la buy fees màndaxekaay ba, subhaanal Laahi ak

alhamdulillaahi, dañuy fees li ci diggante asamaan ak suuf, ngir seen ug diis, julli ag leer la, saraxe aw lay la ci ngëm, muñ ag leer la, Alxuraan benn: muy lay wu lay tax a yay, walla muy lay wu tax ñu yay la, mu ne it: nit ñi buñu xëyee dañuy wuute ay bir, amna ci ñuy yittewoo Yàlla, jaay seen bopp Yàlla, Yàlla goreel leen tay ak ëllëg, am ci ñoo xam ne lu neex seen bakkan rekk, ci la ñuy xëy, ñooñu nag dañuy mel ni, ñu jaay seen bakkan saytaane, bu ko defee ñu nekk ca yoonu alkande!"

Muslim moo ko nettali.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK ÑENT:㉒㉔

Jëlees na ci Abii Sarrin Al-xifaariyyi, (yal na Yàlla gërëm ko) mu jële ci Yónnent Bi (SHW) Yónnent Bi (SHW) jële ko ci Boroomam (bu Tedd bu Màgg bi) mu ne: « yéen sama jaam ñi, damaa araamal tooñ ci sama bopp, araamal ko ci seen diggante, buleen di tooñante. Yéen sama jaam ñi képp ku mu doon ci yéen, buma ko gindiwul day sànku, kon na ngeen sàkku ma gindi leen, kon dinaa leen gindi. Yéen sama jaam ñi, ku ma ci joxul mu lekk, mu xiif, kon na ngeen sàkku ma leel leen, kon dinaa leen leel. Yéen sama jaam ñi, ku ma ci sàngul mu rafle, na ngeen sàkku ma sàng leen, kon ma sàng leen. Yéen sama jaam ñi, xam naa ne guddi ak bëccëg, dangeen di moy, waaye man damay jéggale bàkkaar yépp, deeleen sàkku sama njéggal, ma di leen jéggal. Yéen sama jaam ñi, manuleen maa lor, ba di ma lor. Yéen sama jaam ñi, manuleen maa jariñ, ba di ma jariñ. Yéen sama jaam ñi, li ko dale ci ki ma njëkk a sàkk ba ci ki mujj, nit ak jinne a ci yam, bungeen maase woon ragal ma, niki ki ma gën a ragal ci yéen, du yokk ci sama nguur gi dara. Yéen sama jaam ñi, li ko dale ci ki ma njëkk a sàkk ba ci ki mujj, nit ak jinne a ci yam, bungeen maase woon ci weddi ma ak di ma moy, niki ki gën a kàccoore ci yéen, du wàññi ci sama nguur gi dara. li ko dale ci ki ma njëkk a sàkk ba ci ki mujj, nit ak jinne a ci yam, buñu taxawoon ci benn pàkk, ñaan ma ma jox ku nekk la mu ñaan, du wàññi fi man dara, lu dul lu mel ni lay taq ci puso boo sëpp ci géej rekk seppi. Yéen sama jaam ñi, xamleen ne seen i jëf rekk a fi nekk, maa ngi koy takk duma ci fàtte dara, ku fekk ug payam di aw yiw na sant Yàlla te xam ne Yàlla a

ko ko baaxe, ku fekk ug payam di leneen nag, na yedd poppam bañ a yedd keneen!»

Muslim moo ko nettali.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM:②⑤

Jëlees na ci Abii Sarrin, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: daa am nit ñu bokk ci sahaaba yi, ñëwoon ci Yónnent Bi (SHW) ne ko, nun de gaa ñi am alal, def nañu nu ko, yóbbu nañu tuyaaba ya, ndax bunuy julli, ñoom it ñuy julli, bunuy woor, ñuy woor te ñoom man nañoo def lu baax ci seen desiiti alal te nun amunu ko, Yónnent Bi (SHW) ne leen: " Yàlla kay defal na leen loo xam ne, man ngeen caa ame, tuyaaba bu baax, ndax ku ci wax subhaanal Laah ñu bindal ko, tuyaabay sarax ju mel ni ja ñuy bindal ña woomal, ku ci wax Allahu akkbar it noonu, alhamdulillaa it noonu, laa ilaaha illal Lahu it noonu, ku ci digle lu baax it noonu, ku ci tere lu bon it noonu, ba ci kenn ci yéen sax bu jote ak ka muy sëyal, bànneex ba mu cay am, du tee ñu bindal ko tuyaaba ju toll ne joj ñay saraxe." Ñu ne ko: waaw kenn ci nun day def loo xam ne daf cay am bànneex ba noppi di ca am tuyaaba? Mu ne leen: waaw ndax kenn ci yéen, bu ame woon bànneex boobu fu aay ndax dina ca am bàkkaar? Kon noonu rekk la deme ci defe gi fu dagan, daf cay am tuyaaba

Muslim moo ko nettali.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM-BENN:②⑥

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: «nit ki bu farloo bis bu ne; man naa am tuyaabay limub yax yi nekk ci moom, ñaar ñu am lu dox seen diggante defar ko, yoolub saraxe la, dimbali nit, ba ci mu yéeg ci kaw ug daabaam, walla dimbali ko mu aj i kaakaam,

moom it yoolub sarax la, bépp baat bu teey boo wax te Yàlla tax, ab sarax la, jéego boo séqi ngir julli, ñu bindal la ko tuyaabay sarax, boo fekkee lu man a lor doomu Aadama ci aw yoon, nga andale ko ñu bindal la tuyaabay sarax!»

Albuxaarii ak Muslim ñoo ko nettali.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑAAR:②⑦

Jëlees na ci Nawwaas Ibni Samhaan, (yal na Yàlla gërëm ko) mu jële ci Yónnent Bi (SHW) mu ne: " jikko ju rafet de, ëmb na lépp lu baax, ne it lépp lu sab xol rafetluwul te bëggóo nit ñi teg ci seen i gët, soo yaboo jàppe ko bàkkaar te moytu ko" Muslim moo ko nettali.

Jëlees na ci Waabisat Ibni Mahbadin, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: damaa ñëw ci Yónnent Bi (SHW) mu ne ma: « xanaa dangaa ñëw di ma laaj lu baax? » Ma ne ko waawaaw. Mu ne ma: « na nga laaj sab xol, loo xam ne sab xol dal na ca, sa bakkan nangu ko te deng-dengiwu ca, xamal ne lu baax la. Lu sab xol am ug jiixi-jaaxa ak deng-deng, xamal ne loola lu aay la, ak lu la nit ñi man a wax, jàppal ci loolu! » Lii hadiis la bu rafet boo xam ne, ñaari imaam yii Ahmat Ibni Hanbal ak Addaarimiyyi ñoo ko nettali.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑATT:②⑧

Jëlees na ci Abuu Najiih di Alhirbaat Ibni Saariyata, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) danoo mas a waar, waar goo xam ne metti na lool, ba xol yi tiit gët yi di sotti ay ronqooñ, nu ne ko yaw Yónnentab Yàlla Bi: dafa mel ni sa waare gii waareg ku nuy tàggu la, kon dolli noo dénk, mu ne nu: " maa ngi leen di dénk ngeen ragal Yàlla, nangoo dégg ndigal te di ko topp, donte ka

leen di digal ab jaam la, sama ginnaaw dingeen gis ag juuyoo lool, waaye su boobaa na ngeen jàpp ci sama yoon wii ma nekk ak sama xalifa yu jub yii, jàpp gu dëgër te moytu lépp lu ñu sos mu wuute ak Alxuraan ak hadiis rekk, ag cànkute la" Abuu Daawuuda ak Attirmisiyyu ñoo ko nettali. Nee ñu hadiis bu rafet la te wér.

ÑAAR-FUKKEELU HADIIS BI AK JURÓOM ÑENT:②⑨

Jëlees na ci Muhãs Ibnu Jabal, (yal na Yàlla gërëm ko,) mu ne: damaa waxoon Yónnent Bi (SHW) damaa bëgg nga wax ma, jëf joo xam ne da may tax a dem àjjana te sori sawara, mu ne ma: " laaj nga lu rëy de waaye ku ko Yàlla yombalal rekk mu yomb, ne ma: gëmal Yàlla di ko jaamu, bañ koo boole ak dara, di taxawal julli yi, di joxe asaka, di woor weeru koor te aji néegub Yàlla bi boo ko manee, daal di ne ma: ndax duma la tegtal wunti yiw yépp? Ma ne ko waawaaw. Mu ne ma: woor kaaraange la, saraxe day fay aw ñaawtéef, ni ndox di faye sawara, julli guddi it noonu la baree aw yiw, mu teg ca ne tee ma laa wax lii ma indi, boo ko nirale woon jëmm, luy bopp ba ak la koy tax a dëgër? Ma ne ko waawaaw. Mu ne ma: mooy lislaam, la koy dëgëral nag, mooy julli, la ca féete kaw ci bari tuyaaba nag, mooy jihaat ci yoonu Yàlla. Mu dellu ne ma: tee ma laa wax li nga xam ne, moo ëmb lépp? Ma ne ko waawaaw! Mu jàpp ci aw làmmiñam ne ma: kii na nga ko téye bu baax, ma ne ko: mbaa du bu ëllëgee dees nuy jàppe li nu daan wax, ci sunuy làmmiñ? Mu ne ma: bul defe ne kat nit ñi la leen di yóbbu sawara, dara la nag lu moy seen waxiiti làmmiñ."

Attirmisiyyu moo ko nettali.

FANWEEREELU HADIIS BI:30

Jëlees na ci Abii Sahlabata Alxasanniyyi, di Jursuum Ibni Naasir, (yal na Yàlla gërëm ko,) mu jële ci Yónnent Bi (SHW) mu ne: " sunu Boroom dafa am yu mu farataal ci yéen, buleen ci sànk dara. Am fumu leen daytalal buleen ko

jéggi. Am yëf yu mu araamal, buleen xotti wormay yooyee. Am bir yoo xam ne waxu ca dara daf caa noppi, ngir yërëm leen, loola aayul ci yéen buleen ko jéem a gëstu." hadiis bu rafet la bu Addaara xuttniyyu nettali ak ñeneen ñu bokkul ak moom!

FANWEEREELU HADIIS BI AK BENN:③①

Jëlees na ci Abil Habbaas, di Sëhlibni Sahdin As-Saahidiyyi, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: amna waa ju dikkoon ci YónnentBi (SHW) ne ko: damaa bëgg nga tegtal ma jëf joo xam ne, buma ko jëfee, Yàlla sopp ma, nit ñi sopp ma. Mu ne ko: « boo dëddoo àddina Yàlla sopp la, boo dëddoo li ci nit ñi, nit ñi sopp la. » Hadiis bu rafet la Ibnu Maaja moo ko nettali ak ñeneen.

FANWEEREELU HADIIS BI AK ÑAAR:③②

Wolof Ak Xamle

Jëlees na ci Abii Sahiit, di Sahdibni Maalig Ibni Sinaanil Xuddriyyi, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: " bul lor ku la lorut " hadiis bu rafet la, Ibnu Maaja ak Addaara Xuttniyyu, ñoo ko nettali ak ñeneen ñu dul ñoom ñaar.

FANWEEREELU HADIIS BI AK ÑATT:③③

Jëlees na ci Ibni Habbaas (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: " bu fekkoon ne nit ñi buñu jiiñee seen moroom, alal mbaa dereet rekk, ñu daal di leen cay fekk, kon dinga gis ku ñeme Yàlla, ku fob alali jàmbur mbaa mu tuur dereeti jàmbur, ci lu dul dara, waaye kiy jiiñaate di kalaame, ba la ñu koy waxal dara, na indi ay seede, bu andiwul i seede, ñu giñloo ki ñu jiiñ

ne moo def, bu giñee ñu bàyyi ko mu dem." Hadiis bu rafet la, Albayhëqiyyu moo ko nettali ak ñu bokkul ak moom, amna ci it lenn lu dikk ci ñaar ñi gën a wér i hadiis.

FANWEEREELU HADIIS BI AK ÑENT:③④

Jëlees na ci Abii Sahiidin Al-xuddriyyi, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: déggoon naa Yónnent Bi (SHW) di wax ne: « képp ku gis ci yéen lu aay na ko faje ci kàttanam, bu ko manul mu faje ko ci làmmiñam, bu ko ci manewul nag mu naqarlu ko ci ab xolam, ne naqarlu gi moo gën a woyof ci ag ngëm. » Muslim moo ko nettali.

FANWEEREELU HADIIS BI AK JURÓOM:③⑤

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na woon: " buleen iñaanante, buleen worante, buleen bañante, buleen wanante ginnaaw, bu ñenn ci yéen di jaay, ba ñenn ci yéen jaay ca kaw njaay ma, nekkleen i jaami Yàlla yu di ay bokk, jullit bu ne ak moroomum jullitam ay bokk la ñu, bu kenn tooñ moroom ma, mbaa mu koy bañ a dimbali, walla mu di ko wax lu amul, bu kenn xeeb moroom ma it, mu junj ci ab dënnam ne: ragal Yàlla fii lay nekk ci ab xol, mu baamtu ko ñatti yoon, ne: ab jullit di xeeb mbokkum jullitam, doy na ag mbon, ne it: jullit bu ne war na di moytu, alali ab jullit ak ub deram ak dereetam." Muslim moo ko nettali.

FANWEEREELU HADIIS BI AK JURÓOM-BENN:③⑥

Jëlees na ci Abuu Hurayrata, (yal na Yàlla gërëm ko) mu jële ci Yónnent Bi (SHW) mu ne: " ku teggil ku gëm Yàlla wenn tiisu àddina, Yàlla faye ko teggil ko aw tiis ca tiisi allaaxira ya, ku fekk ku biri àddinaam jafe mu yombalal ko ko, Yàlla yombal i biram àddina ak allaaxira, ku suturaal ab jullit Yàlla suturaal

ko àddina ak allaaxira, li fii ak jaam bi mi ngi dimbali mbokkum jullitam ngir Yàlla, Yàlla di ko dimbali moom it, ku sóobu yoonu xam-xam Yàlla yombalal ko yoonu àjjana, fu aw nit daje ci néegi Yàlla yi, di jàng Alxuraan ak di ci laayante-biir, fàww Yàlla defal leen ug dal ak yërmande ju daj kapp, malaakay yërmande yi wër leen, Yàlla tudd leen ca ñu baax ña nekk fa Moom, ne it: nit ki lu aw askanam baax baax bu taxawul ci def lu baax askan wa du ko yóbbu fenn! " Muslim moo ko nettali.

FANWEEREELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑAAR:③⑦

Jëlees na ci Ibnu Habbaas, (yal na Yàlla gërëm leen) mu jële ci Yónnent Bi (SHW) mu jële ci Boroomam mu ne: " damaa bind lu baax ak lu baaxul, ne: ku dogu woon ci def lu baax te Yàlla dogalu ko, Yàlla bindal ko ca tuyaaba ju mat sëkk, bu ko jëfee nag, Yàlla fulal ko ko ba fukk, walla juróom ñaari téemeer, mbaa sax ay ful yu baree-bari. Ku dogu woon ci def lu ñaaw, te defu ko ngir réccu Yàlla bindal ko ca tuyaaba ju mat sëkk, bu ko jëfee nag Yàlla bindal ko ca wenn ñaawtéef." Albuxaariyyu ak Muslim ñoo ko nettali.

Settantalal ni Yónnent Bi (SHW) indee waat yi mbokk mi, nga gis ni yërmandey Yàlla yaatoo! Feeñ na ci waxiin wi ndax ba mu nee: «ku yéenee def lu baax te defu ko ba mu mat» daa feddali ne "yiw wu mat sëkk" la cay am, yërmandeem feeñ na foofu kon. Ba mu nee it: " ku yittewoo lu bon jëfe ko " daf ne: " wenn ñaawtéef " rekk lees ko cay bindal, kon yërmandeem feeñati na, nga gis fumu tudde aw yiw, feddali matug yool ba, fumu tudde aw ñaawtéef, du ko feddali day wax ne wenn ñaawtéef kepp, lees ko cay bindal, yërmandeem feeñati na foofu, xeeti cant yi ñeel na Yàlla!

FANWEEREELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑATT:③⑧

Jëlees na ci Abuu Hurayrata (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: Yàlla nee na: « képp ku noonu samaw wàlliyu, na yëg ne maa ngi ci kawam, ne it: li ma gën a bëgg sama jaam bi defal ma ko, mooy li ma farataal ci moom, ne it: sama jaam bi bu farloo ci xeeti naafila yi, ngir bëgg sama ngërëm, damay mujj sopp ko, gërëm ko, mujj nekk noppam bi muy dégge, doon bëtam bi muy gise, doon loxoom bi muy ŋëbe, doon tànkam yi muy

doxe, bu ma ñaanee ma may ko, bu bëggee ma musal ko, ma musal ko. » Albuxaariyyu moo ko nettali!

FANWEEREELU HADIIS BI AK JURÓOM-ÑENT③⑨

Jëlees na ci Ibnu Habbaas, (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: « Yàlla de may na ma ci sama xeet wi, ku juum, mbaa mu fàtte, mbaa ku ñu ga ci dara ba mu def ko mbaa mu wax ko, deesu ko ko jàppe. » hadiis bu rafet la Ibnu Maaja moo ko nettali ak Albayhëqiyyu ak ñu dul ñoom!

ÑEEN-FUKKEELU HADIIS BI: 40

Jëlees na ci Ibnu Homar (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne: Yónnent Bi (SHW) dafa mas a jàpp ci sama mbagg mi, ne ma: « boo nekkee ci àddina dangay jàppe sa bopp ne, ab doxandéem dong nga fi, balaa yàgg nga ñibbi fa nga dëkk, boo nekkee ci àddina, jàppeel sa bopp ku jaar ci aw yoon rekk di dem. » Ibnu Homar ci boppam daan na wax ne: " bu Yàlla dogalee nga fekke ngoon bul séntu ne, dinga fekke suba, boo fekkee suba bul séntu ne, dinga fekke ngoon, boo wéree farlul te xam ne tawat a ngi ñëw, li fii ak yaa ngi dund rekk, farlul bu baax tey séntu dee, xam ne mi ngi ñëw te xamóo kañ la! " Albuxaariyyu moo ko nettali.

ÑEEN-FUKKEELU HADIIS BI AK BENN: ④①

Jëlees na ci Abuu Muhammat di Habdul Laahi Ibnu Hamribnil Hãs (yal na Yàlla gërëm leen) mu ne: Yónnent Bi (SHW) nee na: « ngëmug kenn ci yéen du mat, lu dul ne dafa mujj ab bànneexam di li ma Yàlla jox ma indi ko! » Nee ñu: hadiis bu wér la, nettali nañu ko ci téere bii di Alhujja, ci càllale yu wér.

ÑEEN-FUKKEELU HADIIS BI AK ÑAAR:④②

Jëlees na ci Anas, (yal na Yàlla gërëm ko) mu ne: déggoon naa Yónnent Bi (SHW) di wax ne: « Yàlla nee na: yaw doomu Aadama bi, li fii ak yaa ngi may ñaan, di ma yaakaar, ma di la jéggal, di la may, bu say bàkkaar bari woon ba jot asamaan si, boo ma jéggaloo ma jéggal la. Ni it: yaw doomu Aadama bi, boo defoon ci ñaawtéef yi lu toll ne, feppi suuf yi itam, boo ñëwee ci man te bokkaalewóo ma ak dara rekk, dinaa la jéggal njéggal gu toll ne feppi suuf yooyee.»

Attirmisiyyu moo ko nettali, nee na: hadiis la bu rafet te wér!

AJI-BIND JI MUSTAFAA LÓO MUXTAAR.✍

Fii la téere bii di Matnul Arbahiina Annawawiyya yam. Aji-bind ji ci wolof di sant ñépp ci topp gi hadiis yi, ba Yàlla dogal ag matam, (yal nay jëf ju Yàlla gërëm) di sàkku ñaan ci képp ku ko gis, rawatina ku ci jariñu ak lu jariñu ga néew néew, di ko sàkkul mbooleem ku ko mas a xamal dara ci biri diineem. Aji-bind ji nag, mi ngi tudd Muhammadul Mustafaa Lóo, siiwe ci Mustafaa Lóo Muxtaar, di ndongal Ku Tedd Ki, dëkk Tuubaa, di sëtub Seex Maxtaar Binta Lóo Ak sëñ Maam Moor Soxna Jaara Boroom Saam, mbindiin wi nag mi ngi ko jànge ci bànqaasu WAX (Wolof Ak Xamle) bii di Jàng Wolof, di ñaan Yàlla sàmmal nu ko, ba ñépp jot ci bége ko ànd ci, ba joxe ci làkk wii àqam. Yal na jàmm sax fi dàkk jërëjëfati Boroom Tuubaa!

Ngir bokk ci mbootaayug WAX (Wolof Ak Xamle) jokkool ci limat yii 76 3 17 83 17 - 78 4 26 61 25.